



## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

<b>Biwo Responsab:</b>	Biwo Komèsyal	<b>Kategori:</b>	Finans
<b>Otorize:</b>	Vis Prezidan, Finans	<b>Nimewo Politik:</b>	ADM-C032
<b>Frekans Revizyon:</b>	3 an	<b>Anvigè:</b>	10/01/2020

### Deklarasyon Politik

Politik sa gen objektif pou founi Èd Finansye bay pasyan Sant lan yo ki pa Asire, ki pa Gen Asirans Sifizan, oubyen ki elijib pou Èd Finansye pou swen ki Nesesè sou Plan Medikal, baze sou sitiyasyon finansye pasyan an. Politik la aplike pou swen ki Nesesè sou Plan Medikal ke yo bay nan Sant lan ki enkli depans teknik ak depans pou swen pwofesyon nan Moffitt Medical Group.

### Objektif

Sant lan te etabli Politik sa pou asire yon metòd ki jis e ki konsistan pou founi Èd Finansye bay pasyan ki kalifye yo baze sou enstriksyon ki tabli yo.

### Limit

Politik sa aplike pou Jesyon Sik Revni ki ede pasyan ki pa asire, ki pa asire ase, oubyen pou lòt pasyan ki kalifye pou jwenn Èd Finansye pou sèvis yo bay yo.

**Moun ki gen enterè yo:** Biwo Komèsyal, Sèvis Finansye Pasyan yo, Sik Revni Moffitt Medical Group

### Pwosedi

#### I. Kalifikasyon pou Èd Finansye:

- a. Yo detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye pou chak pasyan dapre yon evalyasyon kapasite finansye pasyan an pou peye.
- b. Evalyasyon an genyen ladan I:
  - i. Soumisyon yon Aplikasyon pou Èd Finansye ki egzije enfòmasyon finansye pèsònèl ak dokimantasyon jan li presize nan Seksyon II ak III Politik sa; e
  - ii. Itilizasyon sous done ekstèn ki disponib piblikman pa Sant lan, tankou nòt kredi.
- c. Menm enstriksyon finansye yo aplike pou tout moun lè y ap detèmine Èd Finansye
  - a. Kalifikasyon pou Èd Finansye a baze sou yon detèminasyon endividyèl de bezwen finansye a e yo pa pran an konsiderasyon ras, laj, relijyon, peyi orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oubyen ekspresyon sèksyèl, enfimite oubyen nenpòt lòt karakteristik pasyan an, ke lwa federal, eta oubyen lokal la pwoteje.
- d. Moun ki kalifye pou Medicaid men ki gen dat sèvis yo anvan dat ki anvigè a, kalifye pou Èd Finansye nan Sant lan pou sèvis ki fèt nan mwens pase sis (6) mwa anvan pou yo kalifye pou Medicaid si pasyan an pa t asire, pa t gen ase asirans, oubyen ta ka kalifye pou Èd Finansye konfòmman ak Politik sa.
- e. Nan ka kote yon evalye yon pasyan pou yon kotizasyon Medicaid oubyen li genyen benefis ki ekspire, pasyan an ka toujou aplike pou Èd Finansye, men l ap sipoze kalifye pou Èd Finansye sou baz sou lefè ke kalifikasyon li te deja pwouve ke revni li tonbe ant 100-200% pa

Anvigè: 10/2020

Policy: Charity Care/Financial Assistance

Haitian Creole Translation: 04/2021



## Politik: *Swen Byenfzans/Èd Finansye*

Depatman Timoun ak Fanmi Florida (Florida Department of Children and Families) nan Enstriksyon Federal sou Povrete yo.

- f. Pasyan ki Medically Needy (Gen Nesesite Medikal) ka toujou aplike pou Èd Finansye, men yo sipoze kalifye pou Èd Finansye si yo pa ka reponn a pataj depans yo, jan Florida Department of Children and Families la detèmine l la. Nivo èd la ap detèmine pa ki nivo revni pataj depans pasyan an ki tonbe nan Enstriksyon Federal sou Povrete yo.
- g. Sitiyasyon sa yo ak pasyan yo PA kalifye pou Èd Finansye:
  - i. Chiriji Pwofilaktik pou pasyan ki pa gen kansè.
  - ii. Oryantasyon jenetik yo fè nan yon etablisman depistaj
  - iii. Sèvis depistaj siplemantè (pa egzanp MRI Tete Abreje ak depistaj nan poumon pa mwayen CT)
  - iv. Depans ki gen rapò ak konsiltasyon, trètman ak swen swivi pou transplantasyon mwèl nan zo oubyen terapi Selil T Reseptè Antijèn Chimerik (CAR-T: Chimeric Antigen Receptor T-cell) oubyen terapi Selil Iminite (ICE-T: Immune Cell therapy)
  - v. Pasyan ki genyen asirans ki pa nan rezo a.
  - vi. Pasyan ki pa rezidan eta Florida.

### II. **Metòd Ke Pasyan yo Ka Itilize pou Aplike pou Èd Finansye:**

- a. Y ap refere payan ki mande Èd Finansye oubyen yo te idantifye kòm moun ki potansyèlman kalifye pou Èd Finansye bay konseye finansye Sant lan yo.
- b. Pasyan yo ka kontakte Biwo Komèsyal Moffitt Cancer Center nan 12902 Magnolia Drive, MCB-BO, Tampa, Florida 33612, oubyen rele 1-800-456-3434 ekstansyon 8422 oubyen nimewo dirèk la nan 813-745-8422 pou enfòmasyon ak asistans konsènan Aplikasyon pou Èd Finansye a.
- c. Y ap enfòmasyon pasyan yo de pwosesis ak pwosedi ki enplike yo pou yon Aplikasyon pou Èd Finansye swa anvan yo resevwa sèvis yo oubyen pandan pwosesis faktirasyon ak touche a.
- d. Y ap avize pasyan ak/oubyen fanmi pasyan an de tout dokimantasyon yo egziye pou pran yon desizyon konsènan kalifikasyon pou Èd Finansye.
- e. Yon konseye finansye ap fè entèvyou ak pasyan an oubyen fanmi pasyan an ki responsab legalman pou sipò konfòmite pasyan an ak enstriksyon HIPAA yo. Pandan entèvyou a, konseye finansye a ap reyini enfòmasyon sou sikonstans ak kapasite pasyan an pou peye, e si li obligatwa, li ka ede pasyan an oubyen fanmi pasyan an ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye a. Tout pasyan, ke yon lòt moun sipòte finansyèman, jan Sant lan jije li a, dwe bay tou dosye Revni, byen, taks oubyen lòt dokiman pou detèmine kalifikasyon pasyan an.
- f. Yon pasyan ak/oubyen fanmi pasyan an ka rankontre tou reprezantan Famasi Sant lan pou aplike pou pwogram asistans ki disponib pou swen famasetik yo.
- g. Yon demand pou Èd Finansye ak yon detèminasyon kalifikasyon pou Èd Finansye dwe fèt anvan pou bay sèvis ki Nesesè sou Plan Medikal ki pa ijan. Men, detèminasyon an ka fèt nan nenpòt nivo nan pwosesis koleksyon an.
- h. Si yo pa ka detèmine estati matrimonyal yon minè oubyen kote ki pa genyen ase dokimantasyon pou konfime emansipasyon yon minè, y ap baze kalifikasyon pou Èd Finansye a sou Revni ak byen paran an(yo) oubyen responsab legal minè a. Dokimantasyon yo bay pou Aplikasyon pou Èd Finansye a dwe konfòm ak lòt dokiman yo prezante pou revizyon an.



## Politik: *Swen Byenfezans/Èd Finansye*

### III. Dokimantasyon ak Enfòmasyon yo itilize pou detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye.

#### a. Dokimantasyon yo egzije pou ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye a ka genyen ladan I, men li pa limite a sa:

- i. Asirans yon lòt moun;
- ii. Eitati Travay;
- iii. Prèv Revni;
- iv. Gwosè fanmi an;
- v. Prèv Depandan;
- vi. Valè nè pasyan an;
- vii. Prèv idantite; ak
- viii. Prèv rezidans.

#### b. Dokiman Asirans yon Lòt Moun genyen ladan I tout nan peyè ki vini apre yo:

- i. Medicare Tradisyonèl;
- ii. Medicaid Florida;
- iii. Medicare Advantage Plus;
- iv. HMO;
- v. PPO;
- vi. Asirans Endemnite;
- vii. COBRA oubyen elijib pou COBRA;
- viii. Militè an Fonksyon oubyen Depandan;
- ix. Benefis Jesyon Ansyen Militè; oubyen
- x. Kontra Asirans pou Kansè
- xi. Tout Kontra Pataj Depans Asirans

#### c. Dokimantasyon Eitati Travay, Revni, ak byen jan tèm sa defini nan seksyon definisyon Politik sa, ka genyen ladan I:

- i. Yon deklarasyon revni pou ane sivil anvan an; ki genyen ladan I tout anèks soutyen yo;
- ii. Yon fòm W-2 ak/oubyen 1099;
- iii. Souch chèk pewòl ki pi resan an ki montre revni kimile depi kòmansman ane a, oubyen dènye souch ki soti nan chak djòb ou te genyen pandan ane a si ou te genyen plizyè anlwayè;
- iv. Dokimantasyon pou nenpòt Byen ki vo lajan. Enkli, men ki pa limite ak: Lajan kach nan men-w oswa Atik ki vo lajan kach. Bagay sa yo kapab enkli: Kont Chèk ak Kont



## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

Epay, 401k ak kont retrèt, Sètifika Depo, Aksyon, obligasyon garanti oswa nenpòt lòt valè, kont lajan komès, ekite ipotèk pwopriyete san konte rezidans prensipal ou.

- v. Prèv Revni nan benefis retrèt,
  - vi. Benefis Enfimite, sekirite sosyal, oubyen ansyen militè;
  - vii. Dokiman ki soti nan konpansasyon chomaj, pa egzanp, apwobasyon kalifikasyon pou konpansasyon chomaj oubyen souch chèk chomaj ki pi resan ki montre pèman pandan ane a yo;
  - viii. Lèt ki soti nan ajans eta oubyen lokal yo ki konfime chomaj la;
  - ix. Deklarasyon yon doktè, asistan doktè oubyen yon enfimiyè pratisyen ki ateste kondisyon fizik ki anpeche pasyan an travay; oubyen
- d. Lèt oubyen deklarasyon ki itilize kòm dokimantasyon pou estati chomaj oubyen Revni an dwe genyen ladan l dat (« kòmansman e fen ») pou detèmine dat kalifikasyon pou Èd Finansye a.
- e. Dokimantasyon oubyen prèv gwosè fanmi ak depandan, jan tèm sa defini nan seksyon definisyon Politik sa, ka genyen ladan l, men pa limite ak:
- i. Yon manda legal pou responsab / gad si depandan an pa enkli nan yon deklarasyon enpo;
  - ii. Yon kopi deklarasyon enpo ki pi resan pasyan an;
  - iii. Ak de nesans;
  - iv. Ak batèm;
  - v. Lèt sibvansyon Sekirite Sosyal;
  - vi. Dokimantasyon Imigrasyon Ameriken; oubyen
- f. Dokimantasyon pou prèv idantite ak prèv rezidans: Sant lan ap aksepte prèv rezidans nan eta Florida ak de nan sa ki vini apre yo:
- Resi ipotèk, kontra aktyèl, oubyen lwaye oubyen lèt ki soti nan men yon pwopriyete (resi motèl yo pa aksepte)
  - Prèv pwopriyete kay nan Florida
  - Dokiman egzanpsyon pwopriyete
  - Fakti sèvis piblik sou non aplikan an oubyen mari/madanm li ak adrès Florida
  - Kat enskripsyon pou vòt Florida
  - Prèv enskripsyon pitit aplikan an nan lekòl nan Florida
  - Rezidans ki dokimante nan yon ajans sèvis sosyal oubyen yon lòt dosye depatman Konte a
  - Anilasyon kourye nan yon ajans federal, eta oubyen konte a bay aplikan an oubyen mari/madanm aplikan an nan yon adrès lokal



## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

- Verifikasyon ekri ki soti nan yon ajans kominotè
- Verifikasyon ki soti nan biwo lapòs ke aplikan an oubyen mari/madanm aplikan an te resevwa nan yon adrès nan Florida
- Imatrikilasyon veyikil nan non aplikan an ak yon adrès rezidans nan Florida
- Idantifikasyon Chèltè pou Sanzabri ki soti nan yon kote nan eta Florida

Prèv Idantite: Yon fòm idantifikasyon ki soti nan lis ki apre a:

- Pèmi kondwi
- Kat Idantifikasyon ak Foto
- Kat Etidyan ki Gen Foto
- Kat Anplwaye ki Gen Foto
- Kat Idantifikasyon Department of Public Safety (Depatman Sekirite Piblik)
- Paspò
- Dokimantasyon Imigrasyon
- Orijinal oubyen Kopi Sètifye Ak de Nesans
- Kat Militè Oubyen Kat Depandan Militè

#### IV. **Pwosesis Evalyasyon ak Detèminasyon Èd Finansye**

- a. Y ap detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye a apre yo fin evalye tout enfòmasyon ak dokimantasyon yo egzije nan Seksyon III Politik sa.
- b. Tout dokimantasyon yo egzije pou detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye a dwe revize epi apwouve pa Jesyonè Biwo Komèsyal la, Direktè Sèvis Finansye Pasyan an oubyen Vis Prezidan an, Finans oubyen moun yo deziyen, tou depan de nivo asistans ki nesèsè a.
- c. Y ap avize pasyan yo si yo bezwen lòt dokiman jan li presize nan Seksyon III Politik sa oubyen si yo bezwen soumèt dokimantasyon ki manke. Pasyan an ap genyen trant (30) jou apati de dat avi a, pou founi enfòmasyon an. Si yo pa resevwa dokimantasyon an nan 30 jou apre notifikasyon an, aplikasyon an ap refize.
- d. Pasyan yo ka apwouve pou Èd Finansye pou balans Sant lan sèlman apre tout lòt resous finansye ki disponib pou pasyan yo te epwize. Pandan evalyasyon li an, Sant lan ap fè efò ki rezonab pou eksplòre epi ede pasyan yo idantifye lòt sous pèman nan pwogram piblik ak prive yo. Sa enkli men li pa limite a asirans sante prive oubyen ki finanse pa anplwayè, asistans piblik, Medicare, Medicaid, oubyen nenpòt lòt garan oubyen lòt resous. Si yon pasyan pa genyen Medicare, Medicaid, oubyen yon lòt resous, men li ka kalifye pou Medicare, Medicaid oubyen yon lòt resous, Sant lan ap ede pasyan an aplike pou resous finansye ki aplikab la.
- e. Gen ka kote yon pasyan ka rive kalifye pou èd finansye, men pa gen fòmilè pou èd finansye anrejistre. Souvan gen bon jan enfòmasyon pasyan an bay, nan akò kontra avèk lòt founisè, oubyen atravè lòt sous, ki ka bay prèv sifizan pou bay pasyan an èd finansye. Nan ka kote pa gen aplikasyon ekri fòmèl pou soutni kalifikasyon pou èd finansye yon pasyan, oubyen pa genyen yon fòm èd finansye nan dosye li, Sant lan ka itilize enfòmasyon ekstèn ki disponib pou

Anvigè: 10/2020

Policy: Charity Care/Financial Assistance

Haitian Creole Translation: 04/2021



## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

detèmine estimasyon kantite revni pou baz pou detèmine kalifikasyon pou èd finansye a. Sant lan ka aplike pou èd finansye nan non pasyan an. Y ap itilize menm kritè kalifikasyon ki fikse nan politik èd finansye a pou detèmine kalifikasyon baze sou tout enfòmasyon ki disponib yo jwenn yo. Pou fasilite aplikasyon an, enstitisyon an ap itilize enfòmasyon ki soti nan yon ajans rapò kredi ekstèn kòm sipò pou apwobasyon oubyen pou refi pou èd finansye a.

- f. Konseye finansye a ap avize aplikan an alekri sou detèminasyon an lè l voye yon lèt Avi Rezilta Èd Finansye a bay pasyan an. Konseye finansye a ap dokimante rezilta detèminasyon an tou nan dosye pasyan an sou Sistèm Finansye Pasyan an.
- g. Si yo refize Aplikasyon pou Èd Finansye a, aplikan yo ka soumèt lòt dokimantasyon bay yon konseye finansye, ke yo ka itilize pou lòt konsiderasyon.
- h. Nan ka Revni pasyan oubyen sityasyon lavi li chanje nan fason ki enpòtan, yo dwe soumèt dokimantasyon sipò a pou yon lòt evalyasyon.
- i. Y ap re-evalye bezwen pou Èd Finansye a nan sityasyon sa yo:
  - i. Yon detèminasyon pou kalifikasyon pou Èd Finansye te fèt plis pase yon ane anvan lè sèvis la; oubyen
  - ii. Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan pou kalifikasyon pasyan an pou Èd Finansye vin disponib.
  - iii. Nan ka kote byen yo vin disponib ki soti nan lòt resous finansye apre Aplikasyon pou Èd Finansye a apwouve.

### V. **Baz pou Kalkile Montan yo Chaje Pasyan yo:**

- a. Montan yo prevwa pou yon pasyan peye ak montan Èd Finansye yo ofri depann de resous finansye pasyan an. Yo itilize Enstriksyon Federal sou Povrete Revni yo pou detèmine montan yo chaje pou tretman ak sèvis medikal yo bay pasyan an, si genyen. Enstriksyon aktyèl sou Povrete Revni Federal yo enkli nan fen Politik sa.
- b. **Sant lan founi Èd Finansye sa yo:**
  - i. Pasyan ki Endijan sou Plan Medikal jan tèm sa defini nan Politik sa dwe gen dwa a **100% Èd Finansye sou Balans ki Kalifye yo.**
  - ii. Pasyan ki genyen revni famiyal ki egal oubyen pi piti pase 200% Enstriksyon Povrete Federal la pou gwosè fanmi pasyan an dwe gen dwa a **100% Èd Finansye sou Balans ki Kalifye yo.**
  - iii. Pasyan ki genyen revni famiyal ant 201%-400% Enstriksyon Povrete Federal la pou gwosè fanmi pasyan an dwe klasifye kòm estati « Self Pay Tier 1 (Oto Pèman Nivo 1) » e yo gen dwa a Èd Finansye **65% sou Balans ki Kalifye yo.**
- c. Anplis de Èd Finansye ki disponib nan Seksyon V.b. Politik sa, si pwogram asistans yo pa disponib pou bezwen famasetik pasyan an, y ap aplike estrikti kotizasyon ki souliyen anba a, baze sou enstriksyon pou Èd Finansye yo bay nan Seksyon V.b. Politik sa.
  - i. 100% rabè: Yon pasyan ki kalifye pou 100% Èd Finansye konfòmman ak Pwosedi Seksyon V. B. Politik sa, p ap oblije peye depans preskripsyon an. Pwogram sa restrenn a tretman ki nan domèn swen pou kansè e li ekskli pwodwi OTC (san preskripsyon) yo.
  - ii. 15% rabè: Yon pasyan ki kalifye pou 65% Èd Finansye konfòmman ak Pwosedi Seksyon V. B. Politik sa, ap oblije peye depans preskripsyon yo mwens 15% rabè



## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

pa preskripsyon nan pwen sèvis la. Pwogram sa restrenn a tretman ki nan domèn swen pou kansè e li ekskli pwodwi OTC (san preskripsyon) yo.

- d. Sèten medikaman BMT tankou preskripsyon iminosipresè, antiviral, antibakteri, ak sipleman/sipò yo ka kouvri kòm Èd Finansye a 100% toutotan pasyan an kalifye pou tout nivo Èd Finansye yo.
- e. Sant lan ap limite montan yo chaje pou swen yo bay a moun ki kalifye pou Èd Finansye yo a Montan yo Faktire Jeneralman a moun ki genyen kouvèti asirans pou swen (« AGB »). Yo p ap chaje yon pasyan ki kalifye pou Èd Finansye plis pase AGB a jan tèm sa defini nan Politik sa, pou swen ijans ak swen ki Nesesè sou Plan Medikal.

### VI. Eksepsyon Politik la:

- a. Yon komite pati ki apwopriye ap revize aplikasyon yo kote Dokimantasyon an pa bay yon endikatè klè sou sitiyasyon finansye a. Y ap fè rekòmandasyon bay pati ki apwopriye a konfòmman ak kloz eksepsyon ki vini apre a. Y ap fè eksepsyon nan politik la sou yon baz ka pa ka nan sèl diskresyon Medsen tretan an Chèf la, Ofisye Finansye an Chèf la, Chèf Direksyon an oubyen Chèf Operasyon an.

### VII. Sèvis Ijans:

- a. Sant lan se yon lopital espesyalite e li pa bay tretman medikal an ijans nan siyifikasyon atik 1867 Lwa sou Sekirite Sosyal (42 USC 1395dd). Men, si yon moun k ap chèche tretman medikal an ijans antre nan etablisman Sant lan, Sant lan ap estabilize epi ede pasyan an ak/oubyen fanmi pasyan an san diskriminasyon, pou chèche transpò pou pasyan an pou ale nan yon lopital lokal ki ekipe pou swen medikal ijans lan.
- b. Pasyan k ap chèche swen medikal ijans kalifye pou Èd Finansye e yo ka soumèt a menm enstriksyon ak pwosedi ak tout lòt pasyan Sant lan yo.

### VIII. Aktivite Koleksyon:

- a. Mezi Sant lan ka pran nan ka gen yon pèman ki pa fèt dekri nan Politik apa Moffitt sou Sik Revni, Rekouvremman Peman Kach pou Pasyan ak sa ki Pa-Pasyan (Politik # ADM-R027). Ou ka jwenn politik la san peye lè w rele 1-800-456-3434 ekstansyon: 8422 oubyen nimewo liy dirèk la nan 813-745-8422.

### IX. Piblikasyon Politik la:

- a. Sant lan ap rann Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye a, ak rezime lang klè Politik sa disponib lajman sou sit entènèt li a. Moun ki gen aksè ak entènèt ka antre, telechaje, gade, epi enprime yon kopi Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye a, ak rezime Politik sa nan lang klè sou sit entènèt la:
  - i. San yo pa bezwen materyèl enfòmasyon oubyen lojisyèl espesyal (ki pa lojisyèl ki disponib fasilman pou manm piblik yo, san yo pa peye okenn frè);
  - ii. San peye yon frè bay Sant la; e
  - iii. San kreye yon kont oubyen oblije bay enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.
- b. Sant lan ap bay tout moun ki mande fason pou antre sou yon kopi nan Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye a, ak rezime nan langaj klè de Politik sa an liy ak adrès sit entènèt dirèk sa, oubyen URL paj wèb kote Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye, ak rezime Politik sa afiche.
- c. Sant lan ap fè kopi papyè Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye, ak rezime nan langaj klè Politik sa ki disponib sou demand epi gratis, ni pa imel e nan kote piblik nan Sant lan, ki



## Politik: Swen Byenfèzans/Èd Finansye

enkli tout zòn admisyon yo.

- d. Sant lan ap avize epi enfòmasyon pasyan yo kiyès ki resevwa swen nan Sant lan konsènan Politik sa, lè l:
  - i. Ofri yon kopi papyè nan langaj klè Politik èd finansye a nan kad pwosesis admisyon oubyen egzèyat la; epi
  - ii. Mete yon avi ekri ki vizib aklè sou relve fakti yo ki avize epi enfòmasyon benefisyè yo sou disponiblite Èd Finansye a dapre Politik sa, e ki genyen nimewo telefòn biwo Sant oubyen depatman ki ka bay enfòmasyon sou Politik sa ak pwosesis Aplikasyon pou Èd Finansye a ansanm ak adrès dirèk sit entènèt (oubyen URL) kote ou ka jwenn kopi Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye a, ak rezime nan langaj klè de Politik la.
- e. Nenpòt lè pandan tretman pasyan an, pasyan an ka mande yon kopi Politik sa, Aplikasyon pou Èd Finansye a, oubyen rezime Politik sa nan lang fasil.
- f. Si yon manm nan Mendèv la vin okouran de bezwen pasyan an pou Èd Finansye pandan pwosesis admisyon an, PSS la ap bay pasyan an enfòmasyon ki nesèsè pou aplike pou Èd Finansye a.
- g. Sant lan ap tradwi Politik sa tou, Aplikasyon pou Èd Finansye a ak rezime nan langaj klè de Politik sa nan lang prensipal tout popilasyon ke Sant lan desèvi a pale.

## Fòmilè

Aplikasyon pou Èd Finansye

## Enfòmasyon ki Lye

ADM-E028 Eksperyans ak Sant Sipò

ADM-P063 Fon Sipò Pasyan Sèvis Pasyan ak Fanmi

ADM-B006 Entegrite Faktirasyon

ADM-R028 Sik Revni, Depo ak Estimasyon

ADM-C063 Èd pou Peman Prim COBRA

## Edikasyon

N/A

## Definisyon yo

**Aplikasyon pou Èd Finansye** – Aplikasyon Sant lan itilize pou detèmine kalifikasyon pou Èd Finansye.

**Balans ki Kalifye** – Montan pasyan an dwe apre tout ajisteman kontraktiyèl regilye yo te aplike.

**Byen** – Lajan kach nan men oswa atik ki vo lajan kach. Bagay sa yo kapab enkli, men ki pa limite ak: Kont chèk ak kont Epay, 401k ak kont retrèt, Sètifika Depo, Aksyon, obligasyon garanti oswa nenpòt lòt valè, kont lajan komès, ekite ipotèk pwopriyete san konte rezidans prensipal ou.

Anvigè: 10/2020

Policy: Charity Care/Financial Assistance

Haitian Creole Translation: 04/2021





---

## Politik: Swen Byenfesans/Èd Finansye

---

**Depandan** – Yon moun ki depann de èd yon lòt moun pou sipò finansye prensipal.

**Èd Finansye** – Bay swen gratis oubyen nan pri rabè bay moun ki pa gen mwayen pou peye l.

**Endijan sou plan Medikal** – Pasyan ki gen fakti ak frè medikal ki depase 25% revni bri anyèl ak byen pasyan an ak fanmi pasyan an. Balans medikal ki poko peye nan etablisman ki pa Sant lan enkli nan fakti medikal total ak chaj pou detèminasyon sa.

**Enstriksyon Federal sou Povrete Revni** – Enstriksyon ke U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen Ameriken) an pibliye chak ane.

**Fanmi** – Sant lan itilize definisyon Biwo Resansman (« Census Bureau ») an sou « fanmi », ki se yon gwoup de oubyen plis moun ki abite ansanm e ki lye pa nesans, maryaj oubyen adopsyon. Yo defini manm fanmi yo pi devan kòm pasyan an, e si li marye, mari/madanm li; tout minè natirèl oubyen adopte pasyan an, oubyen mari/madanm ki te genyen dezavantaj minorite pa yon tribinal e ki pa, oubyen ki pa t janm marye; tout minè ke yon tribinal te bay pasyan an oubyen mari/madanm pasyan an responsablite legal; tout moun ki deziyen kòm « depandan » sou dènje deklarasyon enpo pasyan an; tout elèv nan fanmi an ki gen plis pase 18 tan ki depann de revni fanmi pasyan an pou omwen 50% nan sipò a; oubyen tout timoun minè oubyen yon minè ke minè a sipòte sèlman, oubyen an pati, ki se yon manm nan fanmi pasyan an.

**Medically Needy (Nesesite Medikal)** – yon gwoup kouvèti Medicaid ki enkli moun ki t ap kalifye pou Medicaid, eksepte ke revni oubyen resous yo depase limit Medicaid yo pou revni oubyen resous. Sou yon baz mwa pa mwa, yo retire depans medikal moun lan nan revni li; si rès la ki rete a tonbe anba limit revni Medicaid, moun lan ka kalifye pou Medicaid la pou jou li te vin kalifye a jiska fen mwa a. Sa fè referans tou a « pataj depans » Medicaid la.

**Minè** – yon moun ki pa ko atenn laj majorite a, 18 an, e li pa marye, ni li pa t janm marye.

**Montan yo Faktire Jeneralman (« AGB: Amounts Generally Billed »)** – Montan Sant lan Faktire Jeneralman a moun ki genyen kouvèti asirans sa se trant senk pousan (35%). Sant lan detèmine AGB a chak ane lè l itilize metòd retwospektiv jan li dekri nan atik 26 CFR s. 1.501(r)-5(b)(3). Espesyalman, Sant lan divize sòm montan tout reklamasyon li yo pou swen ki Nesese sou Plan Medikal yo ke konpayi asirans sante yo te otorize yo, ki enkli Medicare, Medicaid, ak tout konpayi asirans prive yo, pandan yon peryòd 12 mwa anvan, pa sòm chaj brit ki asosye yo pou reklamasyon sa yo.

**Nesesè sou Plan Medikal** – Sèvis oubyen atik yo konsidere ki rezonab e ki nesese pou dyagnostik oubyen tretman maladi a oubyen blesi a. Nesese sou Plan Medikal genyen ladan l tou swen ki tonbe nan definisyon nesese sou plan medikal ki aplike dapre lwa Florida yo, ki enkli definisyon Medicaid la, oubyen yon definisyon ki refere ak nòm yo aksepte jeneralman yo nan medsin nan kominote a oubyen ki refere ak desizyon yon doktè ki fè yon egzamen.

**Pa Asire oubyen Asirans lan pa Ase** fè referans a pasyan ki ka pa posede yon nivo asirans oubyen yon èd nan men yon lòt moun ki reponn a obligasyon finansye li nèt.

**Pasyan Etènè** – Pasyan yo admèt nan Sant lan pou tretman, ki trete pa youn nan doktè fakilte Sant Kansè a nan yon kote deyò, oubyen ke yon etablisman afilye refere bay yon doktè fakilte Sant Kansè a.

**Revni** – Total kach ki resevwa ki soti nan tout sous anvan taks ki genyen ladan l men ki pa limite ak salè

---

*Anvigè: 10/2020*

*Policy: Charity Care/Financial Assistance*

*Haitian Creole Translation: 04/2021*



# Moffitt Cancer Center

## Politik: *Swen Byenfèzans/Èd Finansye*

anvan dediksyon, revni travay endepandan, benefis sekirite sosyal, benefis pansyon ak retrèt, konpansasyon chomaj, benefis veteran, pèman asistans piblik, alimoni oswa sipò pou timoun, alokasyon pou fanmi militè, dividand, enterè, lwaye, redevans, siksesyon ak revni trust, pèman asirans regilye oubyen rant, genyen nan lotri, ak sipò ki soti nan manm fanmi oubyen yon moun ki absan ki p ap viv nan fwaye a. Yo pa konsidere sa ki vini apre yo kòm revni: manje oubyen lwaye nan plas salè, benefis ki pa lajan kach, kado, oubyen prè ak sibvansyon etidyan.

**Sant lan** – Kolektivman e endividyèlman, H. Lee Moffitt Cancer Center and Research Institute, Inc. ak filial ki pa pou pwofi yo.

### Referans

26 CFR ss. 1.501(r)-0 jiska 1.501(r)-7

### Anèks

#### ENSTRIKSYON SOU REVNI POU ÈD FINANSYE YO

Rabè	100%	65%
Revni	Pi ba ke 200%	201-400%
Nivo	FPL**	FPL
Gwosè Fanmi		

**\*Revni bri ki itilize.**

**\*\*FPL se Nivo Povrete Federal ke Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen) an te deklare. (Anvigè pou ane ki la kounye a)**

### Istwa Revizyon

07/2008, 03/2009, 02/2014, 07/2015, 04/2016, 06/2017, 04/2018, 04/2019, 05/2020, 10/2020